ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№175 (23.583) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 13, бэрэжьей Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэху и пщэ дэлъу къэкIуащ «Газпром» ПАО-м и УнафэщIхэм я советым и Iэтащхьэ Зубков Виктор

Газыр нэгъэущI хэкуэхэм езыщэ къэралхэм я Зэгухьэныгъэм Урысей Федерацэм и Президентым и ЛIыкIуэ хэхауэ щыIэ, «Газпром» ПАО-м и УнафэщIхэм я советым и Iэтащхьэ Зубков В. А. Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхуки щыIащ.

НАЛШЫК аэропортым Зубков Виктор къыщригъэблэгъащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Республикэм зэрыщыIэнум теухуауэ яубзыхуэ Iэхухэм я пэщIдзэт «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и Налшык щIыналъэ къудамэм зэрыкIуэр.

Ар ухуэныгъэщIэщ, псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатIэ 500 иубыдУ. Абы Iэхэутхьэбзэ щыхуащIэфынущ газыр къэзыгъэсэбэпу республикэм исхэм я Iыхьэ щанэм. Зи Iэпкъ-льэпкъкIэ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэми абы Iэхэутхьэбзэ щыхуащIэфын щхьэкIэ зыхуеину псори кьалъытащ ухуэныгъэр проект щащIым. «Псоми ди зэхуэдиз щытыкIэ къыщызэгъэпэща» программэм ипкъ иткIэ абы хащIыхьащ хьэлъэ къэзыIэт Iэмэпсымэхэм, цIыхухэм Iэхэутхьэбзэ щыхуащIэ пэшышхуэри, кассэхэмрэ терминалхэмри.

А махуэ дыдэм Правительствэм и Унэм щызэхэтащ КIуэкIуэ Юрийрэ Зубков Владимиррэ я зэпэщIэ.

Абы щытепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэм и Iуащхьэр гъэкIуэдыжыныр зэрекIуэкIым. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ газ инфраструктурэм зегъэужьыным, зэтрихьа щIыхуэхэр пшынжьыным, «Газпром» ПАО-м и социальнэ проектхэр щIыналъэм щыгъэззэщIэным пыщIа Iэхуэхэм. Къыхагъэщащ газыр бжьамийкIэ зэбгрыкIыным Iэ Iуэхур къэралым щыгъэнэхъ зэпэщ дыдэхэм республикэр зэращыщыр - ар процент 95,6-м яIэщ (Урысейм ику иту ар зэрыщыхъур процент 67,2-рэщ).

Иужьк Iэ ирагъэкIуэкIа зэIуцIэ зыубгъуам нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьар газыр къэзыгъэсэбэпхэм абы и пщIэр ятыным ехьэлIа лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр щ.

Абы хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт, Газыр зыIэрыхьэхэм абы и пщIэр къэралым и щIыналъэхэм щатыным пыщIа Iэхуэхэмкlэ комиссэм и унафэщIым и къудэзэ **Бабаков Александр**, УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутат, КИФЩI-м социально-экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и комиссэу УФ-м и Правительствэм и деж щыIэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ ведомствэхэм зэдай и лэжьакIуэ гупым хэт **Старшинов Михаил**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl **Мусуков Алий**, КъБР-м и Парламентым, суд, хабзэхъумэ органхэм, Iэхуэр зэхьэлIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр, щIыналъэхэмрэ кьалэ округэмрэ я Iэтащхьэхэр, КъБР-м и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэунпI-коммуналнэ хозяйствэмрэ я лIыкIуэхэр.

Иджыпсту, къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий, къызэхуэсахэм защыхуигъаззм, зи мылъкур республикэ, щIыпIэ бюджетхэм къыхэкI Iуэхущ Iапl э псоми нэсу ят гъэсныпхъэхэм я уасэр. 2017 гъэм и апэ мазихым кьрикIуаэхэм къызэрагъэлъэгъуащ, къагъэсэбэпахэм я пщIэу ятар, зэрызэхIалъэкIуэм хуэдэу, проценти 112,3-рэ, проценти 122,6-рэ мэхъу. Илъэс блэкIам и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ, республикэм и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым и Iуэхущ Iапl эхэм гъэ уасэу ятар хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Щытыкlэм къызэригъэлъагъуэщи, жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, газэу хуауэтIыпщыр къызэралъытэ Iэмэпсымэхэр щагъэува жылагъуэхэм абы и лъэныкъуэкIэ хэщIыныгъэу яIэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ. «Газпром межрегионгаз» ООО-м и программэмкlэ 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуваща щыпIэхэм газу хуаутIыпщыр къызэралъытэ Iэмэпсымэу 72-рэ. Иджыри апхуэдэу 29-рэ дыхуейщ икIи абыкIэ «Газпром»-м зыкъытущIигъэкъуэну дыщогугъ.

КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкlэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къонэж «Прохладный» ГРС-2-р зэгъэпэщыжыным пыщIа Iэхуэр. Ар зыхиубыдэ щIыпIэм мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я инвестицэ проект ин зыбжанэ щагъэзащI. Апхуэдэу щытми, станцым и лъэщагъэр пэлъэщыркъым промышленнэ щIыналъэ зыужьыжыр зыхуэныкъуэм хуэдизкlэ къызэригъэпэщыным.

КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ гъэззэщIакIуэ властым и органхэмрэ «Газпром межрегионгаз Нальчик» Iуэхущ Iапl эмрэ нэхъыфIу зэдэлажьэ зэрыхъуар. Щхьэхуэу къыхагъэщащ Iуащхьэмахуэ щыналъэм иджыблагъэ къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэр зэран зыхуэхъуа газ бжьамийр зэман кIэщIым зэфIэгъуэвэжьыныкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм Iэзагъэшхуэ къызэрагъэлъэгъуар. КIуэкIуэ Ю. А. фIыщIэ яхуищащ «дуней къэхъуакъащIэм къыша гуГуэхьэр щагъэззэкIуэжьым я къару емыблэжу, я тыншыпIэ апэ ирамыгъэщу» абы хэта псоми.

Апхуэдэу щытми, къызэрымыкIуэ щытыкIэм ит щIыналъэм зэкIэ щызэфIагъэкIар апэ ирагъэща лэжьыгъэ нэхъ гугъуэрщ. Гъэплъыгъуэ зэманыр къызэрыблагъэр кьэлъытауэ, газ зэрыкIуэну бжьамийхэр километри 4-м хуэдизым, Тырныауэ кьалэ и щхьэкIэ щыIэ Iыхьэм деж, щыкъуэдиижын хуейщ пIалъэ нэхъ кIэщI дыдэм кьриубыдэу. Абы папщIэ хуеинущ мылъку хэхаи, а лэжьыгъэм хуэщIа техники, IэщагъэлIхэмк. «Газпром»-м и унафэщIхэм селъэIуну сыхуейт а гуГуехьхэр щызэдгэкIын папщIэ зэрахуэзэфIэкIкIэ кьыддэIэпыкъуну», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

«Газпром»-м и газыр къэзыгъэсэбэп урысейхэм абы пэкIуэ пщIэр зэрамытырщ, къыхигъэщащ Зубков Виктор, щIыналъэхэм газыр щыгъэбгрышынымкIэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэ дыдэу къэуварт. 2017 гъэм шыхьхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу къэралым газ уасэу щамытар сом меларди 179-рэ хъуащ. Абы щыщ Iыхьэфlыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хуоз - ар сом мелард 84-м щIегъу, абы щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым газыр кьыщызыгъэсэбэпхэм ятелъ щIыхуэр сом мелард 11,5-рэ мэхъу.

«Газпром»-м и УнафэщIхэм я советым гупымэтащхьэ хуещI ди къэралым и щIыналъэхэм щIыхуэу ятелъхэр зытрагъэкIыжьыным пыщIа Iуэхухэм. Зэтрихьа щIыхуэхэр егъэпшыныжьыным хуэгъэпсауэ иджыблагъэ къызэрагъэпэща комиссэм и унафэщIхэр ильэс къэзи щIыхуэхэм хэхъуэ КИФЩI-м и щIыналъэ псоми мыгувэу кIуэнущ. Абыхэм, ди жагъуэ зэрыхъуди, Къэбэрдей-Балъкъэри яхэтщ. Газыркlэ ятелъ щIыхуэм икIащIыпIэкIэ унафэ тращIыхьын хуейщ властым и щIыпIэ органхэм», - жиIащ Зубков Виктор.

Зи гугъу ящI Iуэхуэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ **Бэлэтокъуэ В. Хь.**, «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и генеральнэ директор **Анастасов В. А.**, КъБР-м къэралкIуэ Iуэхуэмкlэ министру щыIэ **Ромашкин И. К.**, Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Тараев И. В.** сымэ.

Зэ Iущ Iэм зыщытепсэлъыхьахэм япкъ иткIэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэм кьалэн щащIащ щыхуэ зытелъхэм пIалъэ пыухыкIахэр хуагъэуву ахэр зытрагъэкIыжьым пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну.

Зубков Викторрэ КIуэкIуэ Юрийрэ жэуап ираташ федеральнэ щIыналъэ, республикэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэм я упщIэхэм, «Дыгъафlэ кьалэ» творчествэмкlэ сабий академием щыIащ. Академием къыщыщIэкIыжьым Зубков В. А. тхыгъэ иритхащ абы и Хьэщlэ лъапlэхэм я тхылъым.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм Щэнхабзэмкlэ унэхэр щыухуэным теухуа зэIущIэ

КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым къыхилъхьа проектым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм Щэнхабзэмкlэ унэхэр дэщIыхьыным пыщIа Iуэхуэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Бюджет ахъшэу а Iуэхум хухахащ сом мелуани 179-рэ хуэдиз.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм жиIащ лэжьыгъэхэм фIагъ лъагэ яIэу ирагъэкIыжьи, щIыуэхэм загъэпсэхуным хуэщIа Iуэхущ Iапl эхэр ситкIи зэпэщу, зи Iэщlагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ лэжьакIуэхэри и чэзум икIи ирикъуу къыхахауэ щытын зэрыхуейр. «Iэщlагъэлlхэр гудзакъэ яхэлъу я Iэнатlэм бгъэдэту, республикэм и Iуэхуэр ефIэкIуэнми хьэлэму хуэлажьэу щытын хуейщ. Хьэр а Iэнатlэхэм иджыпсту гъэувыпхъэщ. Экономикэ щытыкIэр иджыкIэ мыщIагъуэ дыдэми, къэралым щэнхабзэм и муниципальнэ Iэнатlэхэм зэрызащIигъэкъуэн мылъку кьегъуэт. Апхуэдэу щыщыткIэ, Щэнхабзэмкlэ унэ кьызэIуаххэм кIуэуэ зыщагъэпсэхуныр сабийхэми, щIалэгъуалэми, ныбжькIэ зэхуэмыдэ псоми яфIэгъэщIэгъуэну, абы гупсэхугъуэ щагъуэту щытын хуейщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щащIащ ягъэува кьалэнхэр и пIалъэм кьриубыдэу зэрагъэзащIэм и нэIэ тригъэтыну.

Нарткъалэ щащI, псы фIейхэр зэрагъэкъэбзэну ухуэныгъэхэм я апэ Iыхьэр здынэсам теухуауэ кьэпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкlэ и министр **Кьуныжь В. Хь.**

А проектыр ягъэзащIэ «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм 2025 гъэ пщIондэ зэрызиужьынум теухуауэ» къэрал программэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 - 2025 гъэхэм социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэр» программэ къуэдзэм ипкъ иткIэ.

Бюджет ахъшэу абы хухахащ сом мелуан 222-рэ. Ухуэныгъэр лажьэу яутIыпщын хуейщ 2017 гъэм и кIэуэным ирихьэлIэу.

А лэжьыгъэр зи нэIэ щIэт министерствэм хуагъэлъэгъуащ ухуэныгъэр щагъэхуэбжьэным, ахъшэ хухахар зэгъэзэхуауэ кьагъэсэбэпыным хуэгъэза Iуэхуэр зэфIигъэкIыну.

Зэ Iущ Iэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков А. Тl.**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къудзэ **Афэщlагъуэ М. Хь.**, УФ-м Федерацэмкlэ и Советым и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев З. Д.**, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр, Дзэлыкъуэ, Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Аруан, Бахъсэн, Лэскэн, Шэрдж, Шаджэм, Май щIыналъэхэм я муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.

УРЫСОКЪУЭ Тенджызь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхыльыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхыльыр етын:

Беккаев Хьисэ Назир и къуэм - «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэ» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым

Палаткин Олег Александр и къуэм - гупым и командирым - Урысей Гвардием Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и Управленэм Iуэху пыухыкIахэм къыхуагъэсэбэп и кхъухьлъатэзэхуэ отрядым и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокIадэм и 5-м
№121-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэ лъапIэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа ехъулIэныгъэхэм икIи ильэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхыльыр етын:

Бозиев Рэмэзан Хьэжымырзэ и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсионерхэм я союз» зэгухьэныгъэм и Шэрэдж щIыналъэ къудамэм и унафэщIым

Киселёв Василий Владимир и къуэм - «Троллейбус управленэ» муниципальнэ унитарнэ Iуэхущ Iапl эм троллейбусыр зэригъакIуэу щылажьэм

Мэлбахъуэ Къэралбий Къазбий и къуэм - зи жэуаплныгъэр зэхэгъэщхьэхуКIа «Насып» Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым

Соттаев Камал Хьэмит и къуэм - «Налшык» курорт» акционер зэгухьэныгъэм гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныкIэ и департаментым и унафэщIым

Сугкоев Рэмэзан Тазей и къуэм - «Ныхас» осетин лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщIым;

ЦIэ лъапIэхэр яфIэщыж:
«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист»:

Балъкъэр Юрий Гъурбий и къуэм - щэнхабзэмкlэ хэщIэнэ Iуэхущ Iапl эм Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и режиссёрым, драмэмкlэ и артист пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»:

Рахаевэ Софие Магомед и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм узыншагъэр хъумэныкIэ и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» къэрал бюджет Iуэхущ Iапl эм и дохутыр-неврологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»:

Хэжь Толэ Амир и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапl эм и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»:

Теунык Iатlимэ Бахман и пхъум - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и «Белоглинскэ къуажэ жылагъуэм Щэнхабзэмкlэ и унэ» щэнхабзэмкlэ муниципальнэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхуэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»:

Ворошиловэ Ириндэ Михаил и пхъум - Прохладнэ кьалэ округым курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ бюджет Iуэхущ Iапl э «Гимназие №2»-м и унафэщIым

Къуэшхьэ Валерий Iэдэм и къуэм - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм щыщ Малкэ къуажэ жылагъуэм дэт «Курыт школ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым

Насыл Артур Жэбагъы и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапl эм техникэ системэхэм хъыбарегъащIэ технологиехэр къыщыгъэсэбэпыныкIэ и кафедрэм и доцентым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»:

Гергоков Хьэдис Адрахъ и къуэм - «Къэббалъкъкоммунэнерго» муниципальнэ унитарнэ Iуэхущ Iапl эм и инженер нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»:

Амшокъуэ Тэрим Бэчмырзэ и къуэм - «Олимп резервым боксым хэхауэ щыхуагъаса и сабий-спорт школ» сабийхэм щIэныгъэ гъэдзэ щрагъэгъуэт кьэралым и кIэзонэ Iуэхущ Iапl эм и гъэсакIуэ-егъэджакIуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ»:

Бердичевский Семён Матвей и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIыкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании эмкlэ и щIыналъэ фондым и административно-хозяйственнэ къудамэм ухуэныгъэмкlэ и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»:

Ефэнды Маринэ Фонэ и пхъум - Налшык къалэ округым курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ бюджет Iуэхущ Iапl э «Гимназие №29»-м, Хужьокъуэ В. Ж. и цIэр зезыхьэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокIадэм и 5-м
№122-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Законым къигъэувымрэ хабзэм тетынымрэ ехьэлIа мардэхэр гъэбыдэным, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр кьахуэзгъэпэщыным хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын:

Геляхов Абдуллэхь Сагит и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым

Чэт Юрий Махъсидэ и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и къудзэм

Кменный Сергей Леонид и къуэм - Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Ставрополь крайм щыIэм и унафэщым

Къумыкъуэ Борис Хьэмырзэ и къуэм

Усов Олег Леонид и къуэм - Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Дагъыстэн Республикэм щыIэм и унафэщым

Ушаков Сергей Дмитрий и къуэм - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Ставрополь краймкlэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокIадэм и 5-м
№123-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

КъытщIэхъуэ щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэныгъэмрэ хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын:

Безрокъуэ Еленэ Уэсмэн и пхъум - «Творчествэмкlэ сабий академие «Дыгъафlэ кьалэ» сабийхэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет Iуэхущ Iапl эм щIэблэм щIэныгъэ гъэдзэ етыныкIэ и центрым и унафэщым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхуэхэмкlэ и къудзэм

Хьурей Феликс Ахьмэд и къуэм - «Кавказ Ищхьэрэм управленэмкlэ и академие» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт, коммерцэм хэмыт автономнэ Iуэхущ Iапl эм и апэ проректорым

Хутуевэ Любовь Шарафий и пхъум - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Тырныауэ кьалэм дэт «Курыт школ №3» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым, тхыдэмкlэ егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокIадэм и 5-м
№124-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр МэкIэтIей А. Къ. етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэныгъэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм икIи ильэс куэдкIэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын **МэкIэтIей Абдулэхь Къасболэт и къуэм** (мыпсэужу).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокIадэм и 5-м
№125-УГ

Тхыдэм и напэкIуэцIхэр

● ЗэпыщIэныгъэхэр

Хаджимбэ Рауль *(ижьымкIэ щысщ)* и псалъэ.

«ТхузэфIэкI къэдгъанэркъым»

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я лъэпкъэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум егъэщIылIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхм хэтащ Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль.

ДИ ДЕЖ щыщыIа зэманым хьэщIэр яIущIащ 1992 - 1993 гъэхэм екIуэкIа куржы-абхъаз зауэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу езыхэм яфIэфIу хэта къыщхьэщыжакIуэхэм.

- Ди лъэпкъэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ я зэхуаку дэлъа зэныбжьэгъуэр зауэм и илъэсхэм щIагъэбыдащ ди щIыналъэр яхъумэн гуращэкIи фи республикэм икIыу езыхэм яфIэфIу ди деж нэкIуэу щыта щIалэхэм, - жиIащ Хаджимбэ Рауль.

Щыдзэпсалъэм, лъэныкъуэхэм къыхэгъэщхьэхукIащ зэкъуэш республикитIым куэд лъандэрэ щэнхабзэ, псэкупсэ зэпыщIэныгъэхэр яку зэрыдалъыр. Хаджимбэ къызэхузсахэр щыгъуазэ ищIащ Абхъазым и нобэрей псэукIэм, экономикэм, шынагъэшнагъэм я щытыкIэм, къэралым и политикэ, щэнхабзэ зыужьныгъэр зэрекIуэкIым.

- Гугъуехьхэр мащIэкъым, ауэ ди къалэнхэр догъэзащIэ, щIэпхъаджащIэхэм дапэщIэтщ, блэкIам зыкIи емыщхьу нэгъуэщI теплъэ къэралым едгъэгъэтынымкIэ тхузэфIэкI къэдгъанэркъым. Сыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу езыхэм яфIэфIу къытщхьэщыжыну нэкIуахэр я лэжьыгъэм жыдзкру къыддыхэтыну, - къыхигъэщхьэхукIащ Хаджимбэ.

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм и зэманым Къэбэрдей лъэпкъым и Конгрессым и унафэщIу щта Гъэбзэщыкl Жантемыр жиIащ а псэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэр Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэкъуэшыныгъэмрэ зэныбжьэгъуэгъэмрэ я дежкIэ гъэунэхуныгъэу зэрыщытар. Абы апхуэдизу жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьащ лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ гъэбыдэным ехьэлIауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу езыхэм яфIэфIу Абхъазым щызэуахэм я зэгугъэхьэныгъэм и правленэм хэт Шорэ Анзор тепсэлъыхьащ а зэгугъэныгъэм иужь илъэсхэм зэфIэгъэкIа лэжьыгъэм.

ЗэпыщIэм апхуэдизу кърихьэлIащ абхъаз студентхэу Налшык щеджэхэр, «Абхъаз» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым щыщхэр.

ШЫРЫТ Аидэ.

● Хъыбар гуапэ

Пщыбий СулътIан и пщIэр

Урысейпсо дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэр, Урысей къэрал библиотекэр дзэщIыгъуу иджыблагъэ къыдигъэкIащ «ТекIуэныгъэ Иным и ЛIыхъужьхэр» къэралпсо литературэ зэпеуэм ягъэхьа тхыгъэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъытахэр щызэхуэхьэса тхылъ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, а тхылъым ихуащ ди лъахэгъу нэхъыжьыфI, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и президиумым, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт Пщыбий СулътIан Хаджджэрий и куэум и кьалэмыпэм кьыпыкIа «Возвращение домой» рассказыр. Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэмрэ къэпщытакIуэхэмрэ гулъытэшхуэ хуащIащ а тхыгъэм. Абы кьыхэкIыу Пщыбийм нэхъапэIуэкIэ кьыхуагъэфэщащ зэпеуэм и диплом, къэралпсо зэхьэзэхуэм пашэ щыхьэхэм зэрахэхуам и щыхьэту.

Пщыбийм и рассказым кьыщIеIуэтэж зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьапIэхэм ящыщ теплъэгъуэщ. Хэку зауэшхуэр кьыщыхъем гъуэщI теплъэ къэралым едгъэгъэтынымкIэ тхузэфIэкI къэдгъанэркъым. Сыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу езыхэм яфIэфIу къытщхьэщыжыну нэкIуахэр я лэжьыгъэм жыдзкру къыддыхэтыну, - къыхигъэщхьэхукIащ Хаджимбэ.

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм и зэманым Къэбэрдей лъэпкъым и Конгрессым и унафэщIу щта Гъэбзэщыкl Жантемыр жиIащ а псэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэр Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэкъуэшыныгъэмрэ зэныбжьэгъуэгъэмрэ я дежкIэ гъэунэхуныгъэу зэрыщытар. Абы апхуэдизу жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьащ лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ гъэбыдэным ехьэлIауэ.

Зэпыщ1эм апхуэдизу кьрихьэлIащ абхъаз студентхэу Налшык щеджэхэр, «Абхъаз» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым щыщхэр.

ШЫРЫТ Аидэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Нэщанэ еуэнымкIэ зэпоуэ

Екатеринградскэ жылэм и Iэгъуэблагъэхэм щекIуэкIащ республикэм стендовэ нэщанэ еуэкIэмкIэ и чемпионат. Ар теухуат Экологием и илъэсу екIуэкI 2017 гъэмрэ щэкIуэгъуэ лъэхъэнэр къыззрызэIуахымрэ.

ЩЭКIУЭН зыфIэфIэхэмрэ фочкIэ нэщанэ еуэным дихьэххэмрэ я зэфIэкI щагъэлъэгъуа зэхьэзэхуэм Шэрэдж Ищхъэрэм и гупым бжьыпэр щиубыдащ. Нэхьыбэ дыдэу къахьэхун хуея очко 30-м щыщу мыбыхэм зыIэрагъэхащ 23-р. Илъэс блэкIам зэхэта чемпионатми Шэрэдж Ищхъэрэр щыхуэмыхуатэкIым - етIуанэ увыпIэм щытащ.

Зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Прохладнэ щIыналъэм и гуп къыхэхам, ещанэм Екатеринградскэм и фочауэхэр щытщ. Чемпионатым щытекIуэхэм щIыхь тхылъхэмрэ кубокхэмрэ ираташ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Щэныгъэ

НэхъыфIхэм хабжэ

Интернет напэкIуэцI нэхъыфIхэр къыхэхыным теухуа къэралпсо зэпеуэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Налшык и курыт еджапIэхэм.

«ГЪЭМАХУЭ-2017» фIэщыгъэм щIэту «Российский новый университет» еджапIэ нэхъыщхьэмрэ «Просвещение» тхылъ тедзапIэмрэ кьыхахьлъха мы Iэхум УФ-м и щIыналъэ 84-рэ хэтащ. Зэпеуэм хэтыну хуейуэ лъэIу тхылъ зытахэм я бжьыгъэ мини 5,5-рэ хьурт. Абы и нькъуэр зэхьэзэхуэм хагъэхьащ.

«Курыт еджапIэхэм я официальнэ сайтхэр» унэтIыныгъэмкIэ балл нэхъыбэ дыдэ хэзыхьахэм яхэхуащ Налшык и гимназие №№4, 14-хэр, №№5, 16 курыт школхэр, 9-нэ курыт еджапIэмрэ 18-нэ прогимназиемрэ ещанэ увыпIэр зыхуагъэфэщащхэм яхэхуащ.

«Сайт школьной тематики» зыфIаща номинацэмкIэ курыт школ №23-р нэхъыфIхэм хабжащ. КъэщытакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи ягу ирихьащ «Урок. Творчество. Мастерство» фIэщыгъэм щIэту мыбыхэм ягъэльэгъуа сайтыр.

2011 гъэм япэу «Российский новый университет»-м къыхилъхьа мы Iэхум и къалэн нэхъыщхьэр школакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпэсхуэгъэр зэрагъэкIуа щыкIэр наIуэ къэщIыныщ, щIыналъэхэм щыпсэу школакIуэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэныщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЭ

- ♦Кърум и дунейпсо махуэщ
- ♦Фашизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ
- ♦Танкистым и махуэщ
- ♦Программистым и махуэщ
- ♦Байкал гуэлым и махуэщ
- ♦Канадэм адэшхуэ-анэшхуэкIэ я махуэр щагъэлъапIэ
- ♦1736 гъэм Челябинск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
- ♦1741 гъэм Урысей империем унафэ кьыщыдэкIащ лэжьэгъуэ махуэм и мардэр сихьэт 15-м щIигъу зэрымыхъунум теухуауэ.
- ♦1762 гъэм Екатеринэ етIуанэр пащтыхь къулыкъум пэрыуащ.
- ♦1745 гъэм «Атлас российский» географие къыдэкIыгъэр япэу дунейм кьыхехащ.
- ♦1929 гъэм инджылыз щIэныгъэлI-бактериолог Флеминг Александр и къэхутэныгъэщIэм - пенициллиным - и гъэсэныгъэр хIуащIыIу ищIащ.
- ♦1937 гъэм Iуэзв-Тенджыз фIыцIэ крайр ягуэшащ Краснодар крайрэ Тюмень областэ.
- ♦1942 гъэм Сталинград зауэм щIидзащ.
- ♦1999 гъэм террористхэм Москва и Каширскэ шоссе уэрамым тет унэхэм ящыщ зыр къагъуэащ. Абы щIэсахэм ящыщу щIыхуи 124-рэ хэкIуэдащ.
- ♦Драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и щIыхьэ зиIэ артист **Тубай Мухьэмэд** къызэралъхьэ илъэс 97-рэ ирокъу.
- ♦Партизанкэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Космодемьянская Зое** къызэралъхьэ илъэс 93-рэ ирокъу. ЦIыхубзхэм ящыщу арац а цIэ лъапIэр зыфIащар.
- ♦Шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
- ♦КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
- ♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
- ♦Уэрэджы1акIуэ, усакIуэ, композитор, УФ-м и щIыхь-бэ артист **Розенбаум Александр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
- ♦Тележурналисткэ, «НТВ телекомпание» АО-м и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ, хъыбарыщIэхэм-кIэ къыдаIэм и редактор нэхъыщхьэ **Митковэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
- ♦Урысей журналист, «Совершенно секретно» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Боровик Артём** къызэралъхьэ илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уэфIу щыщытынуц. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 18 - 20 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзыр **ЖЬЭКIЭМЫХУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мэжэщ1ал1агъэм дыгъужьыр мэзым къыщIеху.

● Хабзэ къыхэхыным теухуа къэралпсо зэпеуэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Налшык и курыт еджапIэхэм.

● Щэныгъэ

● КъыдэкIыгъэ

● КъыдэгъэкIыжыгъэ

● Къыдэгъэсыжыгъэ

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

● Къыдэгъэсэбэпыгъэ

● Къыдэгъэсэбэп

Гъащіэ гъуэгур

Щоджэн Алихьан-хьэжь.

***Щоджэн Алихьан-хьэжь и Идрис и къуэр (1880-11.1918), прапорщикщ (1915), къэбэрдей адыгэщ, Хьэсэнбийкъуажэм (Куба) къыщалъхуащ. XIX лІэщІыгъуэм и кІэм щеГъэжьауэ 1914 гъэм и щэкІуэгъэуэ хъуху, кьинэмыщІауэ - 1916 гъэм Налшык хейщІапІэм къадыуэ щыІэжьащ, «дин пэжыгъэкІуэ щІэныгъэ нэхъ бзыгъэдэлъхэм, пщІэ нэхъ зыхуащІхэм ящыщщ».*

1914 гъэм и щыщхьэуІумрэ 1917 гъэм и накъыгъэмрэ я зэхуакум - Кавказ лъэпкъ шуудзэм и Къэбэрдей полкым молэуэ (къадыуэ) щылажьащ. «Георгий лъапІэм и жор» дамыгъэм и епланэ нагъыщэр 1915 гъэм фокІадэм и 29-м къратащ; Станислав лъапІэм и дамыгъэм и еща-нэ нагъыщэр, маисэрэ бырыбхэмрэ зыщІыгъур абы къыкІэлъыкІуащ. Налшык слободам щыщщ. И унагъуэр: и щхьэгъусэ Жужэ (ТІутІэ) Къасбот и пхъур (1891 гъэ); ипхъу Мэржан (1912 гъэ). 1918 гъэм и щэкІуэгъуэм и къуэшхэр и гъусэу большевикхэм яуІащ.

Къэзакъ Аслъэн «Урысыдзэм къулыкъу щызезыхьа адыгэхэр (шэрджэсхэр)» («Адыги (черкесы) на российской военной службе. Дзэзешхэмрэ офицерхэмрэ»)и тхылъым къитхащ.

ЗауэлІ хахуэ

Зауэ Іэнатіэм Іута чыристан дин лэжьакІуэхэм я бжыгъэр куэдыкІейщ. Гъунэгъу къэралхэм езауэ зэпыту къекІуэкІа Урысей къэралыгъуэм и армэм и дин гъуэзэхэр нэгъунэ хигъэхьащ, абы къыхэкІыу зауэлІ дамыгъэ щоджэным и бгъэм хэлъу пльаГъуныр бгъэщІэгъуэн хуэмеиж Іуэху къызэрыкІуэ хъуат. Абыи къыщымынэу, щапхъэ щхьэхуэхэр щыІэщ зауэлІхэр зэрагъэлъапІэ нагъыщэхэмкІэ чыристанхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ дин зезыхьэхэри къыщыхагъэща.

ШУУДЗЭ Щхьэмыгъаз цІэр зезыхьэ Кавказ лъэпкъ шууей дивизэр цІэрыІуэ хъуат заузшхуэм и лъэхъэнэм. Армэм къулыкъу щащІэну къэрал хабзэкІэ къызэтемыхуэ кавказырыскэм я гукъыдэжкІэ къызэрагъэпэща а шуудзэр 1914 гъэм зауэ Іэнатіэм Іукьэну хунэсри, австрийцхэм япэщІэуваКІэт. Шуудзэ Щхьэмыгъаз и япэ унафэщІу щытар а лъэхъэнэм пащтыхьу тета Николай ЕтІуанэм и къуэш нэхъыщІэ Романов Михаилэ. Япэ дыдэ зэфІагъэувари Къэбэрдей шуудзэ полкырщ. Абы зауэлІ къызэрыгуэкІыу 615-рэ хэтащ, 431-р къэбэрдей адыгэу, 75-р балъкъэру. Шуудзэм молэ иІэн хуейуэ къэралыгъуэм хабзэкІэ къигъэуват. Къэбэрдей полкым а къулыкъур Щоджэн Алихьан щызэрихьащ.

1915 гъэм и мазаем Шуудзэ Щхьэмыгъаз, Карпатхэр къуршхэм деж щекІуэкІа зэхэуэ ткІийхэм хэтагъащІэу, Самбор къалэм пэмычыжьэу Станиславов деж (иджырей Ивано-Франковск) бийм щебгъэзыкІуэн хуей хъуащ. Мазаем и 13-м полкым унафэ къыІэрыхьащ Подгорки къуажэр иубыду шуудзэр Станиславовым пэІэщІэ ящыІ пащІэ ильэкІ къамыГанзу къебгъэзыкІуэ австрийцхэм псы зэпрыкІыпІэр Іэрамыгъэхьэу яхъумэну.

МахуитІкІэ, мазаем и 13-14-хэм, австрийцхэм, зэпыу ямыІэу топышэхэр трагъэлъэпащ къэбэрдейхэм зыщыІыгъ щІыпІэм, ауэ полкыр и пІэм ирагъэкІыфакъым, езыхэри кьатеуэну тегушхуакъым.

И пльахэгъу мусылмэнхэм я гъэдэз, Къабардей полкым и молэ Щоджэн Алихьан лІыгъэшхуэрэ хахуагъэ къыщызыкъуихащ Подгорки дежи. Полкым и командирым лъагэу иІэтащ къадым и фІыщІэр икІи щхьэкъэІэтыпІэ кьезыімыт топышэхэм ямыгъэдзэныхэн хуэдэу, зауэлІхэр зыгъэгушхуэфа Алихьан-хьэжьы «Георгий и жор» дамыгъэр къратыну хуигъэфэщащ.

Шуудзэ корпусым и командир генерал-лейтенант Нахичеванский Гуссейн-Хьан итхьжа унафэм кьыхощ: «Къэбэрдей шуудзэ полкым и кадыз Щоджэн Алихьан Подгорки къуажэм деж щекІуэкІа зэхэуэм полкыр ешы и гупыжкІэ щришажьэри, зэпыу зимыІэ топышэхэмрэ фочышэхэмрэ ямимыкІуэту, игъэгушхуа зауэлІхэм лІыгъэшхуэ зэрахьэнымкІэ щапхъэ яхуэхъуащ». Дин лэжьакІуэхэм ящыщу пщІэ нэхъ лъагэ дыдэ зиІэу и къалъыта зауэлІ молэр иужькІэ прапорщик ящІри, офицерхэм хагъэхьащ.

Зауэ нэужьым, куэд дэмыкІыу Щоджэн Алихьан и гъащІэм гузэвэгъуэ кьыхьыхащ.

1917 гъэм «Бгырыс республикэ» фІэщыгъэмкІэ тхыдэм кьыхэна, «Кавказ Ищхьэрэм, Дагъыстэным, Абхъазым щыщ бгырысхэм я Зэгухьэныгъэ» Урысейм щызэфІэуваІ нэужь, Щоджэн Алихьан абы и Дин къудамэм къэбэрдей лъэпкъым къыбгъэдэкІыу хагъэхьэ. 1918 гъэм и фокІадэм Щоджэн Алихьан «Налшык округым и Лъэпкъ Хасэм и Дин къудамэм» кьызэригъэпэща, Граждан зауэм и лъэхъэнэм зэпэщІэува лъэныкъуэхэр зэгъэзекІуэныем хуагъэпса комиссэм щолажьэ. А илъэс дыдэм и щэкІуэгъуэм Алихьанрэ и къуэшхэмрэ большевикхэм яуІащ.

«Дружина» тхыдэ-литературэ журналым и Интернет-сайтым къитхащ.

ЦІыху цІэрыІуэм гунэсу нэІуасэ зыхуэпщІынымэ, ар къыщыхъуа къуажэм кІуэ. Аращ ар фІыуэ щащІыхьри абы теухуа хъыбар нэхъ гукъинэжхэр щахъумэри. Нэгум къыщІэнэ теплъэгъуэхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр ягъуэтми, ныбжьыкІэрэ зэІэпахыурэ къэкІуэкІ Іуэрыіуатэм хуэпщІ дзыхьыр нэхъ инщ зэрэмысэ. Уэрытепсэльыхь нэрыбгэм хуэфащэ пщІэр щигъуэтыжьын лъэхъэнэр илъэсищэ дэкІа нэужьи къэмысмэ, Іуэрыіуатэр хэкІыпІэ закъуэу къыщыни къохъу.

Хъыбархэр щыщежьэр

«Алихьан-хьэжь илъэсищэм щыщІигъуакІэ, хъыбархэри езым и жьэм кьыжьэдэкІыу щызэхьымыхакІэ, зэрыщыта дыдэр мыпхуэзущ жыпІэу, дауи, зэрыпхуэмыкуэдиниир гурыІуэгъуэщ, зыгуэрхэр тІэкІуи зэхъуэкІа хъуну кьыщІэкІынщ», - ирешажьэ псалъэр Куба къуажэм бысым щытхуэхъуа, зи тхыдэр зэхуэтхъэсыжьлІы махуэм и Іыхьлы нэхъ гъунэгъуу кьытхуэгъуэта Думай Хьэмидбий.

- Щоджэн Алихьан-хьэжь и адэ Идрис щІалищрэ хъыджэбзищрэ иІащ. Си анэшхуэ Щоджэн Быхуэ и дзэлъу дыдэм и къуэш Алихьан-хьэжьыр. «Адыгэ уэрхъыжь лъэпкъ» хужаІэу апхуэдэт Щоджэнхэ. Сом ябгъэдэлъу, тыкуэнэхуэ яІэу, былымхэр я куэду апхуэдэхэт. А эзманхэм зэкъуэшхэр, зэкъуэшу бынхэр ящІ кІыхьхэм щІэсу, лъапсэшхуэ яІэу, зэдэІэпыкъуэжу зэдэпсэуфу щытахэщ, иджы хуэдэу зэхэкІаУэ, зыр адэ, зыр модэ щымыкъу. Дыгупыбгъуэ, Думайкэ, Абзуанхэ жаІэри, Къулъкъуэжьын кьызытехъуКІа лъэпкъым дышьщщ дэ. Уэрхъэм благъэкІэ зыхуагъэфащэри уэрхъэратэкъэ? Арати, мо лъэпкъ зэкІэлъыкІуэм кьыхэкІа бзылъхугъэ гуакІуэ Быхуэ езыхэм зыхуагъадзэу Думай Рэмэзан псэгъу хуащІ. Ауэрэ Іэуэльауэ гуэр кьохьурэ, Мэзан зы щІалэрэ зы хьыджэбзрэ - Къарнейрэ Гуащэгъагъэрэ - быну кьыщІонри дунейм ихьэху. Къарнейр сэ си адэращ, Гуащэгъагъ ди адэ шыпхъущ, Псыхьурей ислащ. Япхъу фызабэу щагъэсыну а зэманым зыхуагъэфащэтэкъымэ, Быхуэр хьашэжщ, я щІапІэм и кІапэр хуращІыхьри, Идрис и Іуэнгъуэ ягъэтІысыжащ, Щоджэн Іъэпкъым хагъэтІысхьэжащ. Ди адэ шыпхъум жиІэжу зэхэсхьажауэ аращ псори, абы ди анэм кьыжриІэжауэ аращ, армыхъумэ ди анэшхуэр сэ слъэгъуакъым.

Еджэн щыщІидзар Багдадщ

Щоджэн Алихьан-хьэжьыр хамэ къэрал щеджащ. Иджы хэти Багдад, хэти Сирием, хэти Иорданием жеІэ. Сэ Багдад еджэн щыщІидзэу Сирием кьыщиухьжауэ кьыщІэкІынкъэ? Дахэ цІыкІум хуэдэу мэтІысри, зауэлІ кьэс шэтемыгъахуэ дыуэ жьыхуаІэм хуэдэ хъуарри и еджэгъуэ ильэсхэм кьэхъуа зэдауэ гуэрщ. Ислъэм дин щІэныгъэр къудамэ куэду зэщхьэщокІ. КьинэмыщІауэ, щыуагъэ гуэрым гъуэгу игъуэту гу лъыптэмэ, ар убзыщІыныр кьуаныгъэу ятьІытэ. Лекцэ гуэрым мо Алихьан-хьэжьым езыгъаджэр кьысфІощІ. Абы щхьэгъусэу хуэхъуари и еджэгъуэ ильэсхэм кьэхъуа зэдауэ гуэрщ. Ислъэм дин щІэныгъэр къудамэ куэду зэщхьэщокІ. КьинэмыщІауэ, щыуагъэ гуэрым гъуэгу игъуэту гу лъыптэмэ, ар убзыщІыныр кьуаныгъэу ятьІытэ. Лекцэ гуэрым мо Алихьан-хьэжьым езыгъаджэр кьыс

Къэбэрдей полкым хэт шухэмрэ офицерхэмрэ тхъэ йолъэІу. Утыкум итыр Щоджэн Алихьанщ.

Къэбэрдей полкым и молэ Щоджэн Алихьан

Щоджэн Алихьан теухуауэ урысыбзэкІэ щыІэ дэфтэрхэр зэзыгъэуІуари, ахэр утыку къизыхьари тхыдэр зи щІасэхэм фІыуэ яцІыху щІэныгъэлІ Опрышкэ Олегщ. «Алихьан-хьэжым теухуауэ дызыщымыгъуазэ учІэкІыр щыІэу пІэрэ?» - жыпІэу упщІэкІэ зыщыхуэдгъаззм, щІэныгъэлІым къыджиІа псалъэхэри щхьэпэщ: «Щоджэн Алихьан нобэр къыздэсым хуэфащэ пщІэ зымыгъуэта цІыхухъущ. Абы хуэдэу Урысейми, и лъэпкъми, и динми хуэпэжа цІыху мы щІыналъэм щыгъуэтыгъуейщ». Газетеджэхэм папщІэ къыдохь Опрышкэ «Кавказ щуудзэ» и тхылъым Къэбэрдей полкым щхьэхуэу щыщытепсэлъыхьым Щоджэн Алихьан теухуауэ итхахэмрэ Япэ дунейпсо зауэр ильэспитІ щрикъум «Кавполит» интернет сайтым 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м ирита «Къэбэрдей полкыр зэрызэфІагъэувауэ щытар» и интервьюм щыщ пычыгъуэхэмрэ, зы тхыгъэу зэхэтэуваурэ.

КЪЭБЭРДЕЙ полкыр ислъам диныр зезыхьэ адыгэрэ балъкъэру зэрызэхэтым къыхэкІыу, Кавказ щуудзэм и адрей полкхэм ещхьу, и унафэщІ гупым молэ хэтыныр хабзэт. Зауэ ІэнатІэм Іут шууейхэм я дежкІэ абыхэм я мыхьэнэр ин дыдэт, урысыдзэм попхэм щагъэзащІэ къалэным ещхьу. Подполковник Къыльшбийм игу къигъэкІа нэужь, Къэбэрдей полкым и командир Воронцов-Дашков Илларион а къалэн лъагэр Налшык округым и Бгырыс хейщІапІэм и къады, Куба къуажэм щыщ Щоджэн Алихьан Идрис и къуэм и пщэ дилъхьэну мурад ищІащ. Мэчэрэ Мадинэрэ щыпІэ гъэлъэпІахэм зэрыщыІам и щыхьэтыр, муслымэнхэр абы «хьэжкІэ» ерагъэрт.

Щоджэн Алихьан щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, пщІэшхуэ зыхуащІ цІыхут. Абы къэухьышхуэ зэрИам и щыхьэтщ 1913 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м иджыри «слобода» цІэр зезыхьэ Налшык «къэбэрдей лъэпкъымрэ бгырыс зэгухьэныгъэхэмрэ я мылькыкІэ» Къэбэрдей-Бгырыс реальнэ училищэр къызэрызэІухьым папщІэ ІІэта тхьэлъэІум къыщыпсэльыр. «Лъэпкым и къады, Щоджэн Алихьан-хьэжы адыгэ, балъкъэр захуигъэзащ», - итхыжащ «Терские ведомости» газетым а Іуэхугъуэм теухуауэ, Алихьан и псалъэ купщафІэхэри кхихьу: «ФІыуэ фызэреджэным зэрыфхуэзэфІэкІкІэ иужь фит, кьывата тыншыгъуэхэр къэбгъащхьэпэ. Зыщымыгъэгупщэ: щІэныгъэр нэхущ, акъылыр къэрущ. ЩІэныгъэ зимыІэм зыри къехъулІэнукъым. Лъэпкъ щІэныгъэншэхэр тхъэмыщкІэщ, апхуэдэхэр лъэпкъ зызыужьахэм я унафэ щІэмыхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ауэ щІэныгъэ лъагэ щызэвгъэгъуэткІэ, динри зыщымыгъэгъупщэ. Акъылым къызэщІиубыдэми, нэр зытеплъэми я щхьэщыгу псори къэзыгъэщІа Алыхьталэр зэритыр фиигу ивмыгъэху.

ФыкъызыфІэмыщІыж, абы куэд текІуэдащ. Дин зезыхьэращ щІыльэм лъэ быдэкІэ тетыр, Иманыншэр жьым зэрихьэ тхьэмпэм ещхьщ. Аращи, фыкъызыхэкІахэр вгъэгуфІэу, лъэпкъми Урысей къэралышхуэми фахуэущхьэпэу феджэ, фи гъуэгур зэІухащ».

Мис апхуэдэт хэкуми лъэпкъми япэІэщІэ хьуныр зи натІэ ит, фІэщхъуныгъэкІэ езым къыгухьэ и лъэпкъэгъу адыгэзэрэ балъкъэрхэмрэ дин гъуэзэ яхуэхъуа Щоджэн Алихьан.

Дауэ шуудэр зэфІагъэува?

Дзэм щызекІуэ хабзэмкІэ, полкым офицер тІощІрэ тІу, къулыкъущІэ нэхъыщхьэу нэрыбгищ, зы молэ, «щукІэ» зэджэ къызэрыкІуэ зауэлІу щитхурэ блыщІрэ тхурэ, кьищынэмыщІауэ, зауэлІ нэхъыщІэу хьыщІрэ и хэтын хуэит. ИтІани шухэм я бжьыгэр щихрэ пщыкІутхум нэсащ. Дохутыру илъэс плІыщ зи ныбжь Щоджэн Бэчмырзэ кьащтат, Іэщ дохутыру - Мантойфель зи унэцІэ гуэр.

Полкым и молэуэ езы командирым и жэрдамкІэ Бгырыс хейщІапІэм и къады Щоджэн Алихьан ягъуэват. Абы Налшык округым пщІэшхуэ щиІэт, Мэчэрэ Мадинэрэ зэрыщыІам папщІи «хьэжыкІэ» къеджэхэрт. Офицерхэм Налшык округым щыпсэу лъэпкъхэм нэмыщІ, урысхэри яхэтт...

ЗауэлІхэм я шхыныр шуудзэм и полк псоми щызэрахьэ диным игъэхьабыл щытын хуейт. Шухэмрэ офицерхэмрэ я нэхъыбэр муслъымэнти, кхъуэлри императорыдзэм щыщ урыс сэлэтхэм ират хабзэ аркъэри ерыскъым хэтыххэтэкъым.

Полк къэс езым и хабзэ иІэжт, я нэхъыбэр ІэнатІэкІэ нэхъ лъагэ-нэхъ лъахъшэм емылъытауэ, нэхъыжьыгъэ-нэхъыщІагъэм тетт, динкІэ зэтемыхуэмии, я зэхуаку пщІэрэ нэмысрэ дэлъын зэрыхуейм тещІыхьат. Къэбэрдей полкым и хабзэр зэрыщІыгъам теухуауэ Арсеньев Алексей етхыж: «Офицерхэмрэ шухэмрэ я зэхущытыкІэр император шуудзэм и адрей полкхэм щызекІуэм хуэдэтэкъым. Псалъэм папщІэ, офицерым и щІыб кьыдэт шугуэсэм зэчыр кьыхидзэн е кьыдэуэрэзын щІэдзэн жьыхуэІэр зыми щыщтэкъым. НэгъуэщІу жьІэпІэмэ, унагъуэ хуэдэу зэхэтхэт, зауэ ІэнатІэм щдэкъ кьалэным зыкІи зэран хуэмыхъуу, хабзэ дахэкэр я зэхуаку дэлъу. Макъым зебгъэІэтыныр емыкІуэмыхуэ къыщІалъытэрт».

ТхьэрыІуэр 1914 гъэм фокІадзм и 7-м екІуэкІащ.

ФокІадзм и 7-м цІыхубэ къады, Къэбэрдей полкым и молэ Щоджэн Алихьан полкым и командир, полковник Воронцов-Дашковымрэ подполковник Бековичрэ Черкасскэмрэ щыту муслымэн зауэлІхэм тхъэ ящІэгъэІуащ: «Николай ЕтІуанэр зи император Урысей къэралгъуэм хуэпэжыну, ялъ ягъэжэнкІэ, я гъащІэм емыблэжьынкІэ, кьимыкІуэту псэ яІутыкъу зэуэнкІэ».

Щоджэн Алихьан-молэм тхьэрыІуэр къипсэлъа иужь, зауэлІ кьэс тхылъымпІэм Іэ тридзащ е нэгъуэщІу жьІпІэмэ, гъэлъэн хэщІа я Іэпхъуамбэ иІар «ТхьэрыІуэ тхылъым» и лъабжьым трагъэуащ. Абы итъыр: «Уэлихьи, Билихьи, Талихьи. Алыхьталэм и пащхьэм КъурІэныкмкІэ щызоІуэ Си щІыхьэр ин Урысейм и пащтыхь Императорыр зГъэпэжьынкІэ; слъэкІ къэзмыгъанзу унафэу къыхсуащІыр зГъэзэщІынкІэ; си кьалэным семыбжьхъункІэ, си зэран мылъкъуКи къарукІи зыми есмыгъэкІынкІэ; унафэ къыхсуащІар си пщэрылъу слъытэу зГъэзэщІынкІэ, а псомкІэ хабзэмрэ Алыхьталэм и пащхьэмрэ къемят махуэм жэуап зэрыщыхьыжынур зыщызмыгъэгъупщэу. Абы и щыхьэту КъурІэным ба хуэощІ. Амин». Мазэкъ я гъэса нэужь, 1914 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м шуудзэ полкыр КьалэкІыхь мафІэгу тедзапІэм текІри, Ипщэ-КьухьэпІэ фронтым иунэтІащ.

Полкым и молэ Щоджэн Алихьан и лъэпкъэгъу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зауэ ІэнатІэмкІэ махуэкъэзс гъащІэми гъуаз з - а псалъэм и мыхьэнэ нэхъ лъагэр кьыззщІиубыдэу - яхуэхъуащ. Шухэм я гъуэсу ар бийм теуэрт, зэуапІэм и нэхъ гугъуПІэхэм деж щІэгъэкъуэн щахуэхъурт. Апхуэдэ зы щапхъэхэщ КъухьэпІэ Украинэм хыхьэ Ивано-Франковск кьалэм пэгъунэгъуэ Подгорки кьуажэм кьащыхьуар. Молэм и хахуагъми и хьэтыр ильагъуэу, полкым и командир Воронцов-Дашков Илларион абы «Георгий лъапІэм жор» дамыгъэр кьратыну щІэлъэІуащ.

Мыслъымэн къулыкъущІэм «Георгий лъапІэм и жор» кьызэрыратар игъащІэм къэмыхъуа Іэхъугъуэт. Кавказ щуудзэм и полкихьм щыщу Къэбэрдей щуудзэ полкым и молэ Щоджэн Алихьан и закъуэт апхуэдэпщІэ къэзылэжьыфар.

Щоджэн Алихьан и лЫгъэр иджыри кьыщІэлъэгъуауэ 1915 гъэм и фокІадзм Днестр и Іуфэ сэмэгум щеКІуэкІа зэхэуэм. Къэбэрдей полкым и командир Воронцов-Дашковым ар кьыщІихигъэщым итхырт: «Къэбэрдей полкым и молэ Щоджэн Алихьан Идрис и къуэм Георгий и жорыр зэрехьэ. Хьыбар фызогъащІэ абы «прапорщик» цІэр кьыфІащыныр зэрысфІэгъуэмкІэ. 1915 гъэм фокІадзм и 10-м Доброполе къуажэм деж топышэри фочышэри кьытепІалъэу ар, бийм ебгъэрыкІуэ зауэлІхэр псалъэрэ щапхъэкІэ игъэгушхуэу, яБгъуратащ, абы кьыхэкІыуи муслъымэн шууейхэм хахуагъ кьыззрымыкІуэ кьагъэлъагъуэри, мэжжр лъэсыдзэм щыщу зауэлІ 300 гъэр кьаубыдащ. Зауэ ІэнатІэм молэ Щоджэн Алихьан хахуагъ псэемыблэжкІэ Іутц, къэрабгъэжр игъэгушхуэу, бийм ебгъэрыкІуэ зауэлІхэр кьимыкІуэтынымкІэ щапхъэ яхуэхьуу, полкым кьехъулІахэри куэдкІэ абы и фІыгъэщ. Щоджэнныр офицер тщІыным мыхьэнэшхуэ иІэнущ, сыт щхьэкІэ жьІпІэмэ, абы и фІыгъэкІэ зауэлІхэм молэм пщІэ кьыхуащІым нэхъри хэхъуэнущ, зауэ ІэнатІэм зэрыбгъэдэт щыкІэри ефІэкІуэнущ».

А гъэ дыдэм Воронцов-Дашковым Кавказ щуудзэм и унафэщІым лъэІу тхылъ хурегъажь Щоджэн Алихьан-молэм Станислав лъапІэм и орденым и ещанэ нафъыщэ кьрыригъэтыну. Жэуапу дивизэ штабым и унафэщІ полковник Юзефович Яков кьетхыж: «1915 гъэм фокІадзм и 10-м екІуэкІа зэхэуэм щызэрихьа лЫгъэм папщІэ Щоджэн Алихьан-молэм маисхэмрэ бырыбхэмрэ зыщІыгъу, Станислав лъапІэм и дамыгъэм и ещанэ нагъыщэр хуэфащэу кьыдолъыта».

Къэбэрдей полкым екъэлІа унафэ № 158-м, 1916 гъэм накъыгъэм и 24-м кьыдэкІам, кьыщокІыз: «Брусиловым и екъулІэныгъэ» фІэщыгъэмкІэ тхыдэм кьыхэна, 1916 гъэм накъыгъэм и 22-м Ипщэ-КьухьэпІэ фронтым и дзэхэр бийм щытеуэм щыгъуэ, Щоджэн-молэр Буковинэ дзэ, Прут псеежэхым и Іуфэ сэмэгум хуэзэ Окно кьуажэм пэгъунэгъуэ екІуэкІа зэхэуэм и Іэблэм щэпхъ кьыщІэтекъуэри, уІэгъэ хьащ. Абы щхьэкІэ кІэмынэу, зиГугъу тщІы молэр зауэ ІэнатІэм кьыІунащ. А уІэгъэр абы и зауэлІ екъулІэныгъэхэм хэлъытапхъэщ».

1918 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык Даутокъуэ-Серебряковым щыубдам щыгъуэ, Щоджэн Алихьан Налшык округым и хеящІэ Комиссэм хагъэхьэри, щкІуэгъуэм и 2-м Налшык округым и Кассационнэ судым, «Округ хейщІапІэхэм я Шэрихьэт къудамэм» щыщ хъуат.

Даутокъуэ-Серебряковым и дзэр икІуэту Къэбэрдейм икІа нэужь, Щоджэн Алихьан Идрис и къуэр абыхэм я гъусэу имыкІыу езыр щалъхуа Хьэсэнбий кьуажэм (иджы Куба) дэсащ. Шуудзэм кьихашыжу 1917 гъэм и фокІадзм лъэпкъым и унафэм зэрыщІэувэж къандорэ абы адыгэ (къэбэрдей) лъэпкъым и пащхьэм и напэр щыкъабзэу зильытэжырт. ИтІани гущІэгъу хуащІакьым... Архив дэфтэрхэм ятх: «Офицер хужь Щоджэн Алихьан большевикхэм 1918 гъэм и кІэм яукІащ».

ОПРЫШКЭ Олег,
Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэрылажьэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щЫхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Зэгъэщтокъуэ Хьисэ и зэфІэкІкІэ адрейхэм къахощ

Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгей къэрал университетым диссертацэхэмкІэ и советым хэт Зэгъэщтокъуэ Хьисэ Хъусейн и къуэр Къэрэшей-Шэрджэсым и Адыгэ-Хьэблэ къуажэм къыщалъхуащ, школри екъулІэныгъэкІэ абы къыщиухащ. Дзэм илъэситІ-рэ ныкъуэкІэ къулыкъу щищІащ.

● ГъащІэ

70

- СЫЗЭРЫСАБИЙРЭ егъэджакІуэ ІэщІагъэм сыщІэхъуэпсырт. Си псэм ЕфІэту, си гур хуэпабгъэу къыхэсха си ІэщІагъэм си гъащІэм кьриубыдэу зы махуи, зы сыхьэти сыхуащІегъуэжакъым, - жеІэ Хьисэ.

И хьэупсапІэр зригъэхьулІэн мурадкІэ, Армавир дзт педагогикэ къэрал университетым и филологие къудамэм Зэгъэщтокъуэр щІэтІысхьэри, ар ехьулІэныгъэкІэ кьиухащ. ИужькІэ Тэрч районым хиубыдэ Курп Ипщэ къуажэм дзт школым егъэджакІуэу щылэжьэну кьагъэкІуащ. Зы илъэскІэ егъэджакІуэу лажьэри, ятІуанэ илъэсым ар яГъэуващ школым и унафэщІым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу.

Нэхъапэм университетыр кьэзыухуаэ зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъэхъуэну зи мурадхэр ильэситІкІэ лэжьауэ щытын хуейт. Абы ипкъ иткІэ, егъэджакІуэу зэрылажьэр зэхьэсИ ирикъуэ Москва кІуащ икІи СССР-м педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ и академием лъэпкъ школхэм урысыбзэр щегъэджымыкІэ и щІэныгъэ-хъэхуакІуэ институтым и аспирантурэм щІэтІысхьащ.

ИкІи лажьэу, аспирантурэми заочнэу щеджау, Зэгъэщтокъуэм кьыІэрыхьащ телеграммэ, Урожайнэ къуажэм дзт школым и унафэщІу зэрырагъэблагъэмкІэ хьыбар ити. Арати, и ныбжьыр ильэс 29-м иту цІыху 650-рэ щеджэ школым и унафэщІ ящІащ Зэгъэщтокъуэр. ИльэсищІкІэ а ІэнатІэр ирихьэкІауэ, Москва тригъэзэжри, 1981 гъэм аспирантурэр ехьулІэныгъэкІэ кьиухащ, а ильэс дыдэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал институтым егъэджакІуэ нэхъыжьу лэжьэн щыщІидзащ.

1982 гъэм и кандидат диссертацэр пхигъэкІащ Хьисэ. Ильэс дэкІри, академик Ушинскэм Зэгъэщтокъуэм хьыбар кьригъэщІащ лэжьыгъэ ІуэхукІэ хамэ кьрагъэкІуэнухэм зэрыхагъэхьамкІэ. СССР-м щыщу цІыху 12 хамэ къэрал яГъакІуэрт, урысыбзэр ирагъэджьнуи, Зэгъэщтокъуэр абыхэм я унафэщІ ящІри, Афганистаным лэжьакІуэ яутІыпщащ. 1985 гъэм, а къэралым зауэ щыщекІуэкІым, Кабул къэрал университетым урысыбзэр щригъэджьн щыщІидзащ Хьисэ.

- Шынагъуэт а лъэхъэнэр, шэр ди щхьэщыгумкІэ щызэпрыкІыльэтат, Афган зауэм и кунэкупсэм дыхэту жьыпІэ хъунут. АрщхьэкІэ лэжьыгъэр лэжьыгъэт, ехьэкІын хуейт. Абы сраГъэкІри, лэжьыгъэ ІуэхукІэ тІэунейрэ сежьащ: зэм Москва, адрейм Индием и кьалащхьэ Дели, - жеІэ Зэгъэщтокъуэм.

И пщэрылъыр ирихьэкІыу, Хьисэ хэкум къыгъэзэжа нэужь, ар Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым пэщІэдзэ егъэджэныгъэ ІэмалхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу яГъэуващ. А зэманым ирихьэлІэу КъБКъУ-м апхуэдэ кафедрэ кьыщызэІуахати, Зэгъэщтокъуэр Налшык къэлэпхъуэжащ, а кафедрэм доцентуи лэжьыгъэм щыпищащ.

1992 гъэм егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и ректор ящІащ. Хьисэ куэдрэ хэтащ ди къэралми хамэ щыналъхэхэми щызэхашэ щІэныгъэ зэхьихьэхэм. 1997 гъэм Урысейм икІыу Америкэм и Штат Зэгъэтхэм цІыхухэм яГъкІуат, щІэныгъэкІэ зэдзэгушэныи, абыхэм Зэгъэщтокъуэри яхэтащ.

2000 - 2008 гъэхэм КъБКъУ-м пэщІэдзэ егъэджэныгъэ ІэмалхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу лэжьащ.

Хьисэ щІэныгъэ-методикэ лэжьыгъэ 150-м щІигъу, монографиеу 10, нэгъуэщІ лэжьыгъэ куэд и Іэдакъэ кьыщІэкІащ.

Зэгъэщтокъуэ Хьисэ и гущІэ хьэпэлкІэ, бгъэдэлъ щІэныгъэ куукІэ, егъэджэныгъэ Іэхъум щиІэ зэфІэкІкІэ адрейхэм кьахоу, абы и лэжьэгъухэм, аспирантхэм, къызэрыгъуэкІ цІыхухэм пщІэшхуэ кьыхуащІ.

Хьисэ дохъуэхъу узышащІэ гъэ быдэ иІэну, и бынхэм гу ящихуэну, и щІэныгъэм и хьэр ильагъуэ куэдрэ псэуну.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Гукъеуэ

Газетым Іэ тедвгъадзэ

Ди республикэм адыгэбзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэр адыгэ куэдым къаззрыфІэмыІуэхур, абы Іэ зэрытрамыдзэр Іейуэ сигу къоуэ.

«ЖЫПІЭР пэжкъым» къызжезыІэрыгъэм яхуэгъэзауэ, абы щыхьэт текъуэ щапхъэ куэд къэсхьыфынущ. Псалъэм папщІэ, Щэджыхьэщ Іэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет фэтэрэм 120-рэ хьу еханэ зчэм щыпсэухэм я нэхъыбэр дыдагъащ. Дауи, узышыгуфІыкІынщ, адыгэр дызэрыбагъуэр, ауэ щыхъукІи, сэ зым фІэкІа ди лъэпкъ газетыр къызыхуэзкІуэ унэ псом зэрыщІэмысыр си жагъуэ мэхъу. КьищынэмыщІауэ, пенсэр кьыщеІытх ди пощтым «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ щытезыдзар щІыхуибгъу къудейщ дызэрыхьур. А псом нэхърэ нэхъ тельыджэж сщыхъур школхэм адыгэбзэр щезыгъэджэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ зэрытрамыдзэрщ. Ар дауэ?! Уэ бзэр ебгъэджау, ауэ абыкІэ кьыдэкІ газетым уемыджэу! ЕмыкІыу ар?

Газетыр зэрыльапІэм кьыхэкІыу, абы Іэ яхутемыдзэу жаІэ куэдым. Ари гурыІуэгъущ, псом хуэмыдзу зи пенсэр мащІэхэм ар къохьэлъэкІ. Сэ си гум кьеуэр газетым и уасэр зыхьэтыну абы емыІаІІэхэрщ. ИгъащІэми жаІэу къокІуэкІ: «Ууейр бгъэкъакъэмэ, хамэм кьакъэ кьритынщ». А псэльафэм и мыхьэнэр дэтхэнэ зым и дежкІи гурыІуэгъуэу кьыщІэкІынщ.

Араща, ди лъэпкъэгъуэ, сынывольэу, диІэр дывмыгъэгъэкІуэду дыбгъэхъуэмэ, пщІэ хуэдэгъэщІ. «Адыгэ псалъэ» ди лъэпкъ газет закъуэм Іэ тедвгъадзэ, ар адыгэ псомиукъыттехуэ къалэнщ!

ШЭДЖЫХЬЭЩІЭ Ленэ.
Нарткъалэ

● Футбол

Мэзкуу и «Динамо»-р къытхуокІуэ

Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным ипкъ иткІэ, 2017 - 2018 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Іыхьэм щызэпещІэтынухэм я пхъэидзэ зэхэтащ. «Спартак-Налшыкым» къыпещІэхуащ мы гъэм премьер-лигэм зыгъэзэжа Мэзкуу и «Динамо»-р.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР зэрекІуэкІ хабзэм зэритымкІэ, финалым и 1/16-нэ Іыхьэм премьер-лигэм и командхэр щыхьэщІэнущ лигэ нэхъыщІэхэм щыщхэм я деж. Абы къокІ Мэзкуу и «Динамо»-р фокІадзм и 20-м Налшык щыджэгуну.

Адрей зэІущІэхэм щызэхуэзэнущ «Авангард» (Курск) - ЦСКА (Мэзкуу), «Крылья Советов» (Самарэ) - «Локомотив» (Мэзкуу), «Шинник» (Ярославль) - «Урал» (Екатеринбург), «Волгарь» (Астрахань) - «Ростов» (Дон Іус Ростов), «Кубань» (Краснодар) - «Спартак» (Мэзкуу), «Луч-Энергия» (Владивосток) - «Анжи» (Мэхъачкъалэ), «Олимпиец» (Новгород Ищхьэрэ) - «Уфа» (Уфа), «Енисей» (Красноярск) - «Ахмат» (Грознэ), «Оренбург» (Оренбург) - «Рубин» (Къзан), «Динамо» (Санкт-Петербург) - «Зенит» (Санкт-Петербург), «Арарат» (Мэзкуу) - «СКА-Хабаровск» (Хабаровск), «Тамбов» (Тамбов) - «Арсенал» (Тулэ), «Факел» (Воронеж) - «Амкар» (Пермь), «Томь» (Томск) - «Краснодар» (Краснодар), «Тюмень» (Тюмень) - «Тосно» (Ленинград область) командхэр. Абыхэм щытекІуэхэр финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуэнущ адэкІэ кубокым щІэбэнынущ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

ФІыщІэ хуащІ

**Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ управленэм и унафэщІ, полицэм и полковник Геграев Марат къыІэрыхьащ Къэрэшейм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №9-м щыпсэу си пхъум пщыхьэщхьэм зэхихащ и гъунэгъу фэтэрым дэІэпыкъуэгъу хуейуэ къыщІэкІ кІий макъ. ДыщыщэпхьэдэІукІым дэ къыдгурыІуащ, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу къыджэр 51-нэ фэтэрым щыпсэу ди гъунэгъу зэрыарар. А цІыхухъум и ныбжьыр ильэс 77-рэ мэхъу, и закъуэу мэпсэу, Налшык дэсу Іыхьлы иІэжьым.

И бжэр гъэбыдати, абы быдэІэпыкъуну Іэмал дгъуэтакъым, арати, полицэм дыпсэлъащ. Ди хьыбарыр зэрагъэрихьэу къэсащ ди щІыпІэр зи нэІэм щІэт, полицэм и участковэхэу, полицэм и майор Бекъул Амуррэ полицэм и капитан Пыхъ Рустамрэ икІи, щытыкІэр зэпалъытри, псынщІэу кьраджащ МЧС-мрэ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэмрэ». МЧС-м и лэжьакІуэхэр кьызэрысу фэтэрым и бжэр Іуахащ икІи унэ лъэгум иІ цІыхухъум гу лъатащ. Ар стІолым телъ и жып телефоным лъэІэсыфІыртэкъым. «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и гупым цІыхухъур медицинэ Іуэхущ ІапІэм яшащ. ИужькІэ кьызэрытщІамкІэ, а цІыхухъур инсульт хъуауэ аращ.

И чэзум медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэрригъуэтам и фІыгъэкІэ, зи ныбжь хэкІуэта цІыхухъум и гъащІэмрэ и узынщагъэмкІэ шынагъуэ щыІэкъым. Сымаджэщым кьыщІэкІынкъа иужь цІыхухъур ди гъунэгъу республикэм щыпсэу и Іыхьлыкэм яшащ.

Щыгъуэзэ фызыхуэтщІа мы Іуэхум ипкъ иткІэ, сынолъІу зи кьалэныр хьэлэну езыхьэкІ, и чэзум дэІэпыкъуэгъу хуэ участковзэху, полицэм и майор Бекъул Амуррэ полицэм и капитан Пыхъ Рустамрэ бгъэпэжэну», - итщ цІыхубзым и тхыгъэм.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ Управленэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Гу зылъытапхъэ

Скляр Игорь фыхуэзэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ныбжьэгъухэ! Урысей МВД-м и инспектор нэхъыщхьэ, полицэм и генерал-майор Скляр Игорь Александр и къуэр 2017 гъэм фокІадзм и 30-м сыхьэти 9-м кьыщыщІадзауэ сыхьэт 18 хьухукІэ яІуцІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэхэмрэ ІэнатІэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ упщІэ зиІэжэм.

Абы зыхуэзыгъэзэну хуейхэр махуэ къэс сыхьэти 9-м кьыщыщІадзауэ сыхьэт 18 хьухукІэ ятх мы телефонымкІэ: (8662) 40-32-64.

ЦІыхухэр щрагъэблагъэнущ мы хэщІапІэм: *Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ проспект, 10 б, ятх кьат, цІыхухэм щаІуцІэ пэш.*

ПІыгъын хуейщ узихэтым щыхьэт текъуэ тхылъ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардан Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлэжьэныгъэмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редакторыу* ЖьэкІэмэхъу Маринэ, *корректорхэу* ЩхьэщэмыщІ Иэз *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Биц Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и выпущенэ ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытридзэн сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1148

«Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и Къэрэшей-Шэрджэсым и Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щыщ Щоджэн Алихьан и лъэныкъуэкІэ Хьисэ и зэфІэкІкІэ адрейхэм къахощ» // «Адыгэ псалъэ» 2017 гъэм фокІадзм и 13 // № 175 (23.583) // стр. 4